



PWOSÈ VÈBAL REYINYON ADISTANS KOMITE LEKÒL BOSTON

6 Oktòb 2021

Komite Lekòl Boston te reyalize yon reyinyon adistans nan dat 6 oktòb 2021 a 5è p.m. sou Zoom. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt atik ki nan lis anba a, vizite www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee, imel feedback@bostonpublicschools.org oswa rele Biwo Komite Lekòl Boston an nan (617) 635-9014.

ASISTANS

Manm Komite Lekòl la ki te prezan: Prezidan Jeri Robinson; Vis Prezidan Michael O'Neill; Doktè. Hardin Coleman; Ernani DeAraujo; Lorena Lopera; Rafaela Polanco Garcia; Quoc Tran; ak reprezan elèv yo Xyra Mercer.

Manm Komite Lekòl la ki te Absan: Okenn.

DOKIMAN KI TE PREZANTE

Ajanda

Pwosè Vèbal 22 septanm 2021 Komite Lekòl Boston

Dokiman pou demann fleksibilite regleman Gwoup Travay Avanse (Advanced Work Class, AWC)

Donasyon an kalite ak yon valè total ki estime a \$50,000

Apwobasyon sibvansyon montan Total \$782,500

Revizyon Kòd Konduit La -DISPONIB

Plan Sèvis Estratejik Bibliyotèk, PowerPoint 2022-2026

Plan Sèvis Estratejik Bibliyotèk, 2022-2026

Nòt Doktè Deb Frogatt pou Komite Lekòl Boston Konsènan: Plan Sèvis Estratejik Bibliyotèk Lekòl Piblik Boston 2022-2026, 14 septanm 2021

Plan Sèvis Estratejik Bibliyotèk BPS 2022-2026 Deklarasyon Enpak Ekite

Rezilta PowerPoint 2021 MCAS

Deklarasyon Enpak Sou Ekite Rezilta MCAS yo

Nòt Monica Hogan, Direktè Egzekitif Prensipal, Done ak Responsablite pou Komite Lekòl Boston konsènan: Prezantasyon rezilta MCAS 2021, 6 oktòb 2021

Mizajou Nan Regleman Adminyon Lekòl la pou Egzamen PowerPoint

Objektif Pèfòmans Siveyan an, Ane Lekòl 2021-2022

METE LÒD

Prezidan Jeri Robinson te louvri reyinyon an nan lòd epi li te pwononse deklasyon fidelite a. Madam Sullivan te fè apèl nominal. Mesye O'Neill, Mesye Tran, ak Madam Mercer te rantre nan reyinyon an yon ti tan apre apèl. Tout lòt manm yo te prezan.

Madam Robinson te fè konnen reyinyon aswè a ap difize an dirèk sou Zoom. Li pral redifize sou Boston City TV (TV Vil Boston). Li pral disponib tou sou bostonpublicschools.org/schoolcommittee ak sou YouTube. Li te anonse sèvis entèpretasyon similtane disponib nan lang Espanyòl, Kreyòl Ayisyen, Kap Vè, Vyetnam, Kantonè, Mandarin, ak Lang Siy Ameriken (ASL). Entèprèt yo prezante tèt yo epi yo bay enstriksyon nan lang manman yo sou fason pou jwenn aksè nan entèpretasyon similtane lè yo chanje kanal Zoom lan. Dokiman reyinyon ki tradui yo te pibliye sou www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee anvan yo kòmanse reyinyon an.

Madam Robinson te esplike kèk nan manm ki t ap montre fon ekran vityèl alma matè yo an onè Mwa Kolèj ak Karyè a. Li te envite manm yo ak Siveyan Cassellius pou yo rekonèt alma matè yo.

- Madam. Robinson - Wheelock College (Kolèj Wheelock)
- Mesye. O'Neill - Boston College (Kolèj Boston)
- Doktè. Coleman - Williams College (Kolèj Williams)
- Mesye. DeAraujo - Harvard College (Kolèj Harvard)
- Madam. Lopera- Boston College (Kolèj Boston)
- Madam. Polanco Garcia - Pontificia Universidad Católica Madre y Maestra, Repiblik Dominikèn
- Mesye. Tran - Northeastern University (Inivèsite Northeastern)
- Siveyan Cassellius - University of Minnesota (Inivèsite Minnesota)

APWOBASYON PWOSE VÈBAL REYINYON AN

Aprouve – Apre apèl nominal, Komite a te apwouve an blòk, pwosè vèbal reyinyon an 22 septanm 2021.

RAPÒ SIVEYAN AN

Jan li prepare pou livrezon.

Oktòb se Mwa Kolèj ak Karyè nan Lekòl Piblik Boston yo! Se yon moman enteresan pou asire jèn lidè nou yo prepare alavni pou siksè apre lekòl segondè. Nan mitan pandemi an, li pi enpòtan pase tout tan pou devlope lakay chak elèv k ap pran konesans, konpetans, ak karaktè pou yo briye lekòl, nan karyè ak lavi.

Tout distri nou an ofri yon varyete pwogram ak siksè nan kolèj la, e objektif Mwa Kolèj ak Karyè se mete aksan sou inisyativ sa yo pandan tout mwa oktòb la, pou asire elèv yo ak fanmi yo konnen ki resous ki disponib pou yo.

Vandredi pase a, nou te kòmanse mwa Kolèj ak Karyè pou Jounen Fyète Kolèj nan tout vil la ak BPS, kote kominote pwofesè dinamik yo, konseye, ak anplwaye nou yo non sèlman te reprezante koulè kolèj yo ak alma mate yo sou rezo sosyal yo, men yo te pataje trajektwa pèsònèl yo avèk nou.

Aprè Jounen Fyète Kolèj, men kèk nan tèm kle ane sa a genyen ladan:

- Semèn Aksè Kolèj ak gwo enterè pou reyalizasyon FAFSA
- Planifikasyon karyè ak siksè akademik ak Naviance
- Evènman vityèl, ki gen ladann salon ki konsantre sou lekòl pwofesyonèl ak STEM, sesyon enfòmasyon HBCU, ak panèl diskisyon yo
- Konprann e kòmanse pwosesis planifikasyon apre lekòl segondè

BPS ak Siksè Boston pral pataje yon kantite evènman ak aktivite ki fèt pou ankouraje tout elèv ak fanmi yo kòmanse planifye pou yon lavi ki pasyonan apre lekòl segondè pi bonè posib, epi ankouraje elèv yo angaje fanmi yo, konseye, pwofesè, patnè, ak konseye karyè nan pakou yo pou atenn objektif yo. Nou remèsye ekip Siksè Boston lan, gwo sistèm ajans aksè nan kolèj la, ak Biwo Lekòl Segondè BPS la pou lidèchip li kontinye nan domèn preparasyon elèv nou yo, pou rantre nan inivèsite epi fini etid yo. Mèsi paske w ankouraje yon kilti akademik nan BPS ak Vil Boston.

Semèn pase a, nou te aprann Michael McCarthy, yon edikatè BPS depi lontan, te mouri apre yon batay brav ak maladi alzaymè a. Mesye McCarthy te fèt nan Dorchester e li te pase 40 ane ap travay pou Lekòl Piblik Boston. Li te kòmanse karyè ansèyman li nan ansyen Lekòl Presegondè Thompson (Thompson Middle School), answit li te rejwenn ansyen Lekòl Presegondè Rogers (Rogers Middle School) nan Hyde Park, kote li te pase 35 ane kòm pwofesè, direktè adjwen epi pita kòm direktè prensipal. Mesye McCarthy te pran retrèt nan BPS an 2006, men li kite yon eritaj dirab nan kominote BPS la. Pandan tan li pase nan distri a, Mesye McCarthy te devlope yon manyèl etid ak lekti pou pwofesè lekòl presegondè yo; li te dirije yon atelye materyèl milti etnik; epi l te travay kòm yon enstriktè pou atelye paran yo, pami anpil lòt angajman. Mesye McCarthy te fonde tou Ekpi Baskètbòl Boston lan (Boston Baseball Camp), ki ofri opòtinite pou timoun nan divès katye Boston yo familyarize avèk kamarad yo epi aprann jwèt baskètbòl la.

Ekip Baskètbòl Boston lan (Boston Baseball Camp) ap sèvi jèn yo nan vil sa a depi 1990 e li kontinye jis jodi a. Mèsi, Mesye McCarthy, pou kontribisyon estrawòdinè sa ou bay Lekòl Piblik Boston yo ak Vil Boston!

Semèn pase te yon semèn selebrasyon ak rekonesans. Madi 28 septanm Majistra Janey te vin jwenn mwen pou vizite Lekòl Elemantè Winship (Winship Elementary School) nan Brighton pou selebre siksè lekòl la epi felisite kominote a pou onè yo te rekonèt kòm yon Lekòl Riban Ble (Blue Ribbon School). Lekòl Winship te resevwa onè nasyonal sa a pou atansyon patikilye nan kiltive idantite elèv yo, enterè ak fòs elèv yo nan klas la ak deyò klas la. Pandan m t ap salye anplwaye, paran, moun k ap bay swen ak elèv yo pandan vizit mwen an ak majistra a, te gen yon santiman chalere nan kominote a ak fanmi. Mwen te kapab santi nan lè a, swen ak atansyon yo bay chak timoun ak fanmi yo lè elèv yo antre nan bilding lan. Pandan m t ap vizite lekòl la, mwen te kapab wè tou, preparasyon chak pwofesè te fè pou asire yo bien akeyi elèv yo, te gen anpil tèks ankourajan ki reflekte divès idantite yo, epi te gen materyèl pedagojik enteresan ki byen dispoze pou leson jounen an. Se tout sa ki fè yon lekòl ekselan, epi sa ki pi enpòtan toujou, yon ekselan eksperyans pou elèv yo nan Lekòl Piblik Boston. Mwen fyè de lekòl Winship paske li reprezante anpil nan bon bagay BPS fè chak jou nan tout lekòl nou yo.

Semèn pase a, Lekòl Segondè Anglè (The English High School), lekòl piblik pi ansyen nan nasyon an, te selebre 200yèm anivèsè nesans li! Lekòl Segondè Anglè se yon temwayaj sou andirans ak enpòtans edikasyon piblik la, e mwen kontan pou m pataje yon lòt etap enpòtan pou lekòl sa a. Mwen ekstrèmman fyè de anplwaye Lekòl Anglè ak elèv yo, paske nivo gradyasyon lekòl la pandan sis dènye ane yo te ogmante prèske 30%. Lekòl Anglè konpose ak yon ekip edikatè estrawòdinè ki kontinye kiltive yon kilti lekòl ki bay sipò pozitif e dinamik, rankontre elèv yo kote yo ye epi ede yo atenn tout potansyèl yo.

Samdi nou te selebre 200yèm anivèsè Lekòl Anglè a ak yon evènman vityèl pou onore istwa rich li ak avni briyan li. Evènman vityèl la te mete aksan sou kèk gwo kout rèl ak felisitasyon nan men pwofesè Lekòl Anglè ak anplwaye yo, Senatè Elizabeth Warren, Sonia Chang-Diaz, Reprezantan Ronald J. Mariano, aktè ak ansyen elèv Arthur Wahlberg, Konseye Michael Flaherty, Gouvènè Charlie Baker, Sekretè Travay, Marty Walsh, ak majistra Kim Janey pou n site sa yo sèlman. Nou te selebre tou renovasyon de sal aprantisaj sosyal emosyonèl semèn pase a ak yon seremoni inogirasyon. Sal sa yo te konstwi pou bay elèv Lise Anglè yo yon kote pou yo jwenn aksè nan sèvis ak pwogram sipò sante konpòtmantal pèsònèl lekòl la ofri. Espas klere ak akeyan sa yo kontribye nan bay sipò sosyal emosyonèl ak relasyon pou elèv nou yo kòm yon eleman enpòtan pou yo retounen nan aprantisaj aprentan an pèsòn. Mwen rekonesan anvè ekip Loomis Sayles pou konfyans yo nan elèv nou yo ak travay yo nan Lise Anglè, e mwen espere wè plis bagay nan sa kominote lekòl sa a ka akonpli.

Mwen ta renmen pran yon ti moman pou m rann edikatè yo omaj atravè distri a ki fèk resevwa prim ak rekonesans pou sèvis estrawòdinè yo bay kominote nou an. Felisitasyon pou Marjorie Pita, Pwofesè PreK (seksyon matènèl), ak Cándida J. Mundo-Arboleda, Pwofesè Alfabetizasyon Lang Espanyòl-HILT pou Pwogram SLIFE a, toude nan Lekòl K-8 Rafael Hernandez nan Roxbury, ki pral onore nan konferans Edikasyon Latino yo "State of Latino Education" pou semèn sa a.

Jodi a, Marjorie ap resevwa prestijye Prim Annavan an (Adelante Award), yon rekonesans nasyonal ki selebre edikatè lekòl piblik yo ki te pote kontribisyon sinifikatif pou fè avanse ekite edikatif, angaje fanmi Latino yo, epi travay avèk dilijans pou amelyore eksperyans eskolè etidyan Latino yo. Demen, Cándida pral onore kòm yon Ekselan Edikatè Latinx pou travay eksepsyonèl li nan Lekòl Piblik Boston ak kominote li a. Mwen tèlman fyè de tou de edikatè BPS sa yo. Rekonesans pou edikatè estrawòdinè nou yo pa kanpe la. Anplis de Marjorie ak Candida, Mass Mentoring Partnership rekonèt travay Benjamin Helfat, Direktè Depatman Lekòl Teknik Pou Granmoun Nan Boston (Head of School at the Boston Adult Technical Academy) pandan evènman "Sante pou Chanpyon yo", (Cheers for Champions), ki mete aksan sou pwogram konsèy inovatè ki te adapte sèvis li yo avèk siksè pou l pi byen sipòte jèn yo. Pandan kriz COVID-19 la.

Nou konnen te gen kèk difikilte resan ak tès COVID-19 la, yon bagay distri atravè tout Eta a te fè eksperyans. Nou rekonesan anvè DESE paske li ofri sèvis tès yo nan lekòl nou yo, yon mezi diminisyon enpòtan pou asire sante ak sekirite elèv, anplwaye ak tout kominote a. Men, lansman an te difisil atravè eta a. Nou kontinye travay avèk DESE ak founisè tès nou an, CIC Sante (CIC Health), pou rezoud kèk nan difikilte aplikasyon yo, tankou ogmante kapasite anplwaye CIC Sante. Mwen vle remèsye enfimyè estrawòdinè nou yo, anplwaye Lasante yo, ak lidè lekòl nou yo pou pasyans yo, fleksibilite, ak gras yo, pandan n ap travay pou ranfòse patenarya sa a epi pote amelyorasyon ki nesesè yo.

Gwoup travay ki baze sou vansman travay nan klas (Advance Work Class, AWC) te òganize 10 reyinyon ant avril - jen 2021. Mwen vle remèsye vis prezidan Edith Bazile ak John Travis pou travay yo fè pou konvoke gwoup la epi fasilite konvèsasyon an. Pandan n ap elabore Plan Akademik global nou an pou klas 4yèm rive 6yèm ane, mwen te mande Doktè Echelson pou l travay ak komite sa a epi pou l adapte travay sa a ak rekòmandasyon konsènan AWC, EFA, ESI ak enstriksyon solid. Mwen espere yon rekòmandasyon alavni pou komite lekòl la kòm yon pati nan plan akademik lan. Pou ane eskolè 2021-2022 a, mwen rekòmande pou nou pwolonje fleksibilite regleman tanporè ki konsène Travay Avanse Klas la (AWC) epi mwen rekòmande pou Komite Lekòl la bay mwen otorite tanporè pou detèmine kritè ki apwopriye pou regleman sa yo ak pou rès ane lekòl la.

Pandan dènye reyinyon nou an, mwen te mansyone mwen ta mete kanpe group travay pou egzamine defi nou yo an pwofondè osijè transpò. Premyeman, mwen vle eskize ankò pou mankman sa yo ak nenpòt enkonvenyan sa a te lakòz pou fanmi nou yo, elèv ak edikatè yo. Kite m souliye mezi nou pran yo ak pwogrè ki te fèt. Transdev kontinye konsantre ak anpil atansyon sou anbochaj, pandan y ap fè fas a yon mache anplwa difisil avèk anpil lòt konpayi ki ofri gwo prim ak bonis anbochaj. Sis nouvo chofè te kòmanse travay nan mwa septanm. Gen senk lòt chofè k ap pran fòmasyon kounye a epi yo tout ta dwe sou wout la nan youn oswa de semèn. Anplis de sa, gen 8 nouvo chofè ki fenk anboche e y ap trete dosye yo pou kòmanse fòmasyon. Transdev ap travay tou ak chofè yo, si sa apwopriye pou l redwi, kantite chofè ki nan konje oswa ki gen pwoblèm ak lisans yo. N ap fè entèvyou epi anboche kandida monitè tou pou bay bonjan pwoteksyon nan bis nou yo epi transpòte elèv nou yo san danje kòm sipèvizè otobis yo. Nan de semèn ki sot pase yo, sèvis transpò yo te soumèt 51 kandida pou anboche, ak 3 monitè. Ekip nou an ap travay tou pou konsolide itinerè yo. Nou te kòmanse ane lekòl la ak 649 otobis ki te pran wout sèvis chak jou. Jiskaprezan, nou te retire 21, sa ki fè nou desann a 628 otobis k ap fonksyone chak jou. Nou konte diminye pi ba pase 623 otobis nan semèn kap vini an. Travay sa

a adapte ak atansyon nou bay nan anplwaye chofè, pral finalman mennen nou nan yon pwen dirab kote nou ka sèten tout wout otobis nou yo gen chofè anplas pou travay nan orè chak jou epi nou ka bay tout elèv yon sèvis transpò ki asire, e ki respekte lè. Jiskaprezan semèn sa a (jiska dat, 5 oktòb) pèfòmans orè otobis la an mwayèn, 90% pandan vwayaj maten yo epi l amelyore a 99% nan 15 minit ki vin apre yo lè lekòl la kòmanse. Pèfòmans orè pou apremidi, an mwayèn se 88% semèn sa a, ak 98% nan otobis ki rive 15 minit lè apre lekòl lage ak 99% ki rive nan 30 minit.

Kèlkeswa nivo pèfòmans ponktyalite nou, nou konnen si li pa 100%, sa vle di elèv nou yo ak fanmi yo afekte. Li tan pou piblik la konprann nivo kompleksite ki genyen nan sistèm transpò nou an ak rezon ki dèyè difikilte repetitif yo. Nouvo gwoup travay la pral gen pou l vini ak solisyon pou amelyore pèfòmans orè yo; atake pwoblèm sistemik ki afekte ekselans operasyonèl; epi travay pou reyalize yon rediksyon 30% oswa plis nan depans yo. Gwoup la pral konseye m sou rekòmandasyon pou amelyore operasyon ak pèfòmans. Jan mwen te mansyone nan dènye reyinyon nou an, m ap fòme gwoup sa a paske mwen kwè li pral bezwen volonte politik ak sipò piblik pou l fè chanjman sa yo ki nesèsè.

Gwoup la pral diskite sou rekòmandasyon Konsiltan Transpò nou an te fè epi li pral abòde pwen operasyonèl yo:

- Orè Demaraj
- Chwa ak devwa (Pwogram Edikasyon Espesyal/Special Education programs, SEI)
- Transfè enfòmasyon ak done devwa elèv yo
- Pwosesis pou nouvo anplwa
- Monitè plasman ak pwoteksyon
- Zòn Pasaj ak Katye/ Lekòl yo
- Sèvis pou lekòl ki pa BPS
- Akò Negosyasyon Kolektif
- Transparans nan pwosesis demann
- Patenarya, jesyon, ak responsablite Transdev
- ak Atletik (espò)

Transpò BPS se yon sistèm ekstrèmman konplèks e mwen vle ankò rekonèt ak felisite Ekip Transpò a patikilyèman, Delavern Stanislaus ki kontinye travay ak amelyorasyon. Madam Stanislaus resevwa aswè a Pri Sèvis Piblik Henry L. Shattuck nan men Biwo Rechèch Minisipal Boston pandan yon evènman vityèl. Li vrèman merite l paske Del ak ekip li a travay lajounen kou lannwit pou aplike tout amelyorasyon operasyonèl yo kapab nan sèvis elèv nou yo ak fanmi yo.

N ap finalize manm gwoup travay la, men nou espere gwoup la genyen ladan:

- Siveyan Adjwen Operasyon yo Samuel DePina
- Chèf operasyon yo Indy Alvarez
- Direktè Transpò a Delavern Stanislaus
- Chèf Ekite Charles Grandson oswa yon reprezantan
- Yon manm Komite Lekòl Boston
- A BTU representative
- Yon anplwaye BPS ki soti nan chak biwo/depatman sa yo: Kominikasyon, Done ak Responsablite, Angajman Familyal ak Kominotè, Planifikasyon ak Analiz
- Chèf Lari Vil Boston oswa yon reprezantan

- Yon reprezantan paran (SPEDPAC, DELAC, elatriye)
- Yon responsab lekòl ak/oswa administratè lekòl la
- Reprezantan elèv yo
- Yon reprezantan yon òganizasyon lokal k ap defann dwa moun
- Yon reprezantan United Steel Workers Union ak Sendika Monitè Bis
- Yon reprezantan Komisyon ESSER
- Yon reprezantan nan Biwo Mekanik Iben (Urban Mechanics) vil Boston

Mwen pral fè yon lòt mizajou sou gwoup travay la nan pwochen reyinyon nou an. Sa se Rapò Siveyan mwen an pou aswè a.

Doktè Coleman te eksprime sipò pou chaj yo pwopoze manm gwoup travayè transpò a. Li te mande ki solisyon posib pou ogmante aksè ekitab nan AWC. Siveyan an te deklare gwoup travay AWC a gen plis pou l akonpli anvan li prezante rekòmandasyon li yo bay Komite a. Siveyan Adjwen Akademik lan, Drew Echelson pral kolabore avèk gwoup travay la pou defini yon vizyon akademik ki pi laj. Antretan, Siveyan an ap chèche apwobasyon Komite a pou l jwenn apwobasyon fleksibilite politik AWC pou ane lekòl (SY) 2021-22 a.

Mesye DeAraujo te di li pa favorab pou sispansyon kontinyèl tès terra nova a pou admisyon AWC, li sijere pou distri a ta dwe angaje nan yon egzamen ki plis apwofondi ak kominote a pou l detèmine kijan AWC anfòm nan vizyon akademik ki pi laj. Mesye DeAraujo te pale sou enpòtans pou fè amelyorasyon nan sèvis transpò, li di tout moun ki gen enterè yo dwe ini pou yo ka abòde pwoblèm sistemik yo. Li te declare, li pa ta vote an favè yon politik transpò oswa yon akò kolektif toutotan li pa resevwa yon konfimasyon alekri kote tout moun ki gen enterè yo aliyen.

Madam Mercer te mande poukisa transpò a se yon pwoblèm konplèks konsa. Siveyan an te eksplike plizyè faktè ki konplike sèvis transpò a, tankou plasman nan lekòl la, kantite enskripsyon yo, lè lekòl yo kòmanse, ak trafik. Siveyan an te konfime pou Madam Mercer elèv yo bezwen pèmisyon yon paran oswa gadyen pou pran vaksen an. Li te konseye elèv ki bezwen sipò pou yo kontakte travayè sosyal lekòl yo.

Madam Polanco Garcia eksprime enkyetid li konsènan ijans pwoblèm transpò a. Li te mande eklèsisman konsènan pwosesis avis fanmi an. Siveyan an te klarifye 21 wout yo te retire, men se pat chofè, ak 51 monitè otobis yo te anboche. Madam Polanco Garcia te di li enpòtan pou fanmi yo enfòm imedyatman lè gen reta. Siveyan Adjwen Operasyon yo Sam DePina, te eksplike pwosesis avi distri a bay fanmi yo osijè reta transpò, li ajoute distri a te wè anpil amelyorasyon depi kòmansman nouvo ane lekòl la.

Madam Lopera te pale sou defi enstalasyon yo, ki gen ladan kote ak kondisyon yo ak fason pwoblèm sa yo gen rapò ak kalite edikasyon an. Li te repete enkyetid Madam Polanco Garcia sou kominikasyon, li di gen plas pou kwasans nan domèn sa a. Siveyan an te di prezans chofè otobis la enpòtan anpil pou pèfòmans orè. Madam Lopera te poze kesyon sou difikilte ki genyen ak tès COVID la ak kijan eta a ap reyaji. Siveyan an te di founisè tès yo pou eta a, CIC, ap fè eksperyans ak yon mank anplwaye epi li te an kominikasyon ak Komisè Edikasyon eta a pou

reponn enkyetid sa yo. Madam Lopera te sijere pou komite a rann vaksen vaksen COVID la obligatwa pou elèv yo.

Mesye O'Neill te di Komite a ta dwe siveye lòt distri ak anpil atansyon pou mezire sipò vaksinasyon obligatwa. Li te note li menm ak prezidan an te gen difikilte teknik pou telechaje verifikasyon vaksen yo sou sit entènèt Vil la. Siveyan an te rekonèt baryè kèk anplwaye te rankontre, e li te ajoute BPS ap fè tès rapid nan 15 minit. Mesye O'Neill te klarifye rekòmandasyon Siveyan an pou kontinye fleksibilite konsènan politik AWC nan pèmèt responsab lekòl yo ak konsèy lokal yo detèmine envitasyon AWC nan nivo lekòl la olye pou yo fè elèv yo chita pou yon tès ki gen gwo risk apre dega aprantisaj pandemi an lakòz yo. Lè sa a, Siveyan an pral entegre tout rekòmandasyon Gwoup Travay AWC a nan vizyon akademik ki pi laj.

Madam Robinson te mande yon mizajou sou Manje ak Sèvis Nitrisyonèl (Food and Nutrition Services, FNS). Siveyan an te di anplwaye FNS diminye 22 pousan, sa ki pouse BPS chèche jwenn manje ki tou prepare nan apeprè 20 lekòl. Li te site kondisyon pou rezidans anplwaye yo kòm yon defi. Li te di èdtan anplwaye yo esansyèl pou siksè operasyonèl. Li te di tou BPS bezwen egzamine ekite ak egalite nan estrikti kontra travay li yo ki ta enplike kèk konpwomi. Madam Robinson te mande yon mizajou sou Akademi Edward M. nan zafè lasante (Edward M. Academy for Health Careers, EMK), ki kounye enstale nan Bilding Endicott (Endicott Building). Siveyan an te di li te vizite EMK nan Endicott e anplwaye li yo kontinye travay ak yon ajan imobilye pou jwenn yon lokal alontèm.

Apwouve – Sou baz apèl nominal, tout komite a te apwouve rapò Siveyan an.

KÒMANTÈ JENERAL PIBLIK LA

- Claudia Bueno, rezidan Roxbury, elèv BPS, manm Sociedad Latina (Sosyete Latino yo), te temwaye an favè deziyasyon jou ferye mwa oktòb la nan onè pèp endijèn.
- Ileana Montalvo, rezidan Roslindale, paran nan Lekòl K-8 Mission Hill, te pale konsènan entimidasyon.
- Suleika Soto, rezidan South End, manm Alyans Jistis Edikatif Boston (Boston Education Justice Alliance, BEJA), te pale konsènan relouvèti ak entèpretasyon.
- Nicole Wang, rezidan Beacon Hill, paran, te pale konsènan pwosesis aplikasyon egzamen lekòl la.
- Mike Heichman, rezidan Dorchester, manm BEJA, te pale konsènan sipèvizyon eta a, Konsèy Konsiltatif Elèv Boston, ak Lekòl Mission Hill K-8.
- Nancy Lessin, rezidan Jamaica Plain, manm Komite Teknik Sante MassCOSH, te pale osijè sekirite ki gen rapò ak COVID.
- John Mudd, rezidan Cambridge, defansè dwa moun, te pale sou divèsite pwofesè yo.
- Andrew Iliff, rezidan Jamaica Plain, paran, Lekòl Mission Hill K-8 ak Boston Latin Academy, te pale sou fason distri a jere Mission Hill School.
- Shery Keleher, rezidan Charlestown, Warren-Prescott K-8 School ak Boston Latin School, te pale konsènan vantilasyon, kòd abiman, rate klas, egzamen, sipò pou ekolye atlèt, ak kòmantè piblik.
- Yavielies Figueroa, rezidan Roslindale, paran Mission Hill K-8, te pale konsènan entimidasyon.

- Monica Borgida, rezidan Charlestown, paran, te pale osijè admisyon ak egzamen nan lekòl yo.
- Alan Tian, rezidan West Roxbury, paran, te pale konsènan admisyon ak egzamen nan lekòl yo.
- Charlie Kim, rezidan North End, paran nan BPS, manm "Boston Special Education Parent Advisory Council" (SpEdPAC), te pale osijè sèvis konpansatwa Covid.
- Ruby Reyes, rezidan Dorchester, direktè egzekutif BEJA, te pale osijè ekite.
- Marcie Carmody, rezidan Charlestown, paran nan BPS, te pale osijè pwoblèm transpò.
- Avery Saulnier de Reyes, rezidan Roxbury, paran nan Mission Hill K-8 School, te pale sou fason distri a jere Mission Hill School.
- Mano Katsompenakis, rezidan Charlestown, paran nan BPS, te pale konsènan bon jan kalite lise.
- Sarah Wharton, rezidan North End, paran nan Eliot K-8 School, te pale konsènan bon jan kalite lise.
- Bonnie McBride, rezidan Jamaica Plain, bibliyotekè Fenway High School, te pale pou sipòte Plan Sèvis Estratejik Bibliyotèk la.
- Amy Wyeth, rezidan West Roxbury, paran, Edward M. Academy for Health Careers te pale konsènan enkyetid enstalasyon yo.
- Andy Crowe, rezidan West Roxbury, paran nan Mission Hill K-8 School, te pale konsènan jesyon distri a nan Mission Hill School.

AKSYON PRIYORITÈ

Apwouve - Nan apèl nominal, Komite Lekòl Boston te apwouve an blòk, donasyon ak yon valè total ki estime a \$50,000.

Apwouve - Sou baz apèl nominal, Komite Lekòl Boston te apwouve sibvansyon pou yon montan total \$782,500.

Prezidan Robinson te anonse li te retire pwèn sou kòd konduit revize BPS la nan ajanda a pandan komite a ap tann enfòmasyon adisyonèl nan men distri a sou fason yo pral entegre nan dokiman sijesyon Komite Konsiltatif la fè sou Kòd Konduit la (COCAC). Revizyon Kòd la pral prezante bay Komite a pou apwobasyon nan pwochen reyinyon.

Mesye O'Neill te remèsye Siveyan an paske li te finanse anplwaye bibliyotèk yo atravè bidjè fon jeneral la epi li te itilize finansman Sekou Ijans Lekòl Elemantè ak Segondè (Elementary and Secondary School Emergency Relief, ESSER) pou depans ki gen rapò.

Apwouve - Sou baz apèl nominal, Komite Lekòl Boston te apwouve an blòk, Plan Sèvis Estratejik Bibliyotèk Lekòl Piblik Boston, 2022-2026.

RAPÒ

Rezilta MCAS 2021 - Direktè Prensipal Done ak Responsablite Monica Hogan te prezante rezilta 2021 Massachusetts Comprehensive Assessment System (MCAS) pou BPS.

Elèv klas 3yèm-8yèm ak 10yèm ane te fè egzamen MCAS nan prentan 2021 an nan anglè ELA, matematik ak syans. Egzamen yo te administre yon fason limite pandan ane lekòl 2020-21 an akòz pandemi mondyal la. Elèv ki nan klas 3yèm-8yèm ane yo te otorize fè egzamen MCAS adistans oswa an pèsòn, alòske elèv ki nan klas 10yèm ane yo te oblije fè tès an pèsòn akòz egzijans eta a pou diplòm. DESE te deja anonse eta a pa tap sèvi ak done yo pou rezon responsablite distri a, kontrèman ak ane anvan yo.

Rezilta yo demontre nesosite pou kontinye fè efò pou abòde rekiperasyon akademik ak deplwaye resous pou sipòte elèv ak pwofesè yo. Sèvi ak yon konbinezon de fon sekou distri a ak federal, BPS te fè efò pou asire elèv yo rekonekte ak kamarad yo ak pwofesè yo apre yon ane aprantisaj ibrid, se pou pwofesè yo jwenn sipò pou egzamine done yo yon fason pou gide aprantisaj la, e konsa lekòl yo ap gen aksè materyèl pedagogik ki enpòtan pou elèv yo e ki apwopriye pou nivo klas yo.

Nan klas 3yèm-8yèm ane, elèv yo te fè yon sèl sesyon MCAS. 91% elèv BPS nan klas 3yèm-8yèm ane yo te fè MCAS la an anglè (ELA) ak matematik, e patisipasyon nivo klas yo te varye ant 87% - 94%.

31% elèv ki te fè egzamen yo te satisfè oswa depase atant klas 3yèm-8yèm ane ELA, yon diminisyon 4% pwen soti nan 2019, ki se mwens pase 6% pwen nan tout eta a. Nòt mwayèn nan klas 3yèm-8yèm ane ELA te 487.4, yon diminisyon 4.5 soti 2019 pou rive 2021, ki sanble ak rediksyon nan tout eta a ki se 4.7.

20 % elèv ki te fè egzamen yo te atenn oswa depase atant klas 3yèm rive 8yèm ane nan matematik, yon diminisyon 13% pwen soti 2019, ki se mwens pase 16% pwen nan tout eta a. Nòt mwayèn nan klas 3yèm rive 8yèm ane matematik te 479.5, yon diminisyon 10.5 soti 2019 rive 2021, ki sanble ak yon rediksyon 9.5 nan tout eta.

Elèv 10yèm ane ki pa t fè MCAS nan prentan 2021 ap gen opòtinite pou yo pran egzamen an nan sezon otòn 2021 an. Nan BPS, 70% elèv 10yèm ane te fè ELA MCAS e 68% elèv 10yèm ane te fè Matematik MCAS. Pou elèv ki te patisipe nan klas 10yèm ane MCAS, rezilta ELA yo te konfòm ak pèfòmans anvan pandemi an, pandan pèfòmans matematik yo te bese an 2019.

Siveyan Adjwen Zafè Akademik te prezante plan distri a pou akselerasyon eskolè, ki konsantre nan asire elèv yo konekte ak lekòl la; asire pwofesè yo konprann pwogrè akademik ak sosyal emosyonèl elèv yo; epi asire lekòl yo gen tan ak resous nesèsè pou yo elabore plan amelyorasyon yo.

Pou sipòte zanmitay elèv yo youn ak lòt ak lekòl yo, BPS te deplwaye yon travayè sosyal aplentan nan chak lekòl ak yon lyezon fanmi aplentan nan chak lekòl. Manm pèsònèl sa yo reflète kilti ak lang kominote y ap sèvi yo e sa enpòtan anpil pou konstwi relasyon ki sipòte elèv ak fanmi yo. Distri a ap devlope yon modèl Hub Schools tou pou bay fanmi ak elèv lekòl yo aksè ak sèvis akonpayman.

Ane lekòl pase a, BPS te lanse nouvo zouti ki gen ladan Panorama Student Success (Panorama Rezilta Etidyan) ki pèmèt anplwaye lekòl la ak distrik jwenn aksè nan done elèv nan tan reyèl, aksyon ak holistic, travay ansanm pou anrejistre nòt sipò yo, konprann ak kontwole Plan Sikse Elèv yo. Apati ane eskolè sa a, BPS pral siyen kontra avèk yon founisè sèvis sou entènèt ki bay

leson patikilye 24/24 anrapò ak pwogram ansèyman BPS la. Epi tou, BPS te anonse pi bonè ane sa a, yon angajman pou renouvle alfabetizasyon ekitab pandan Enstiti Lidèchip Mwa Out distri a (August Leadership Institute), ki gen ladann aksè nouvo materyèl ak devlopman pwofesyonèl pou reponsab ak anplwaye lekòl yo.

Pou kontwòl pwogrè elèv yo, BPS ap itilize Evalyasyon Kwasans MAP nan Lekti ak Matematik, ki bay lekòl yo ak edikatè enfòmasyon pou ede oryante plis sipò akademik bay elèv yo. BPS te bay aksè nan nouvo resous pwogram akademik ki apwopriye nan nivo klas yo epi li te bay devlopman pwofesyonèl pandan tout ane a sou ansèyman alfabetizasyon ekitab pou 43 antrenè transfòmasyon pou yo ka sipòte plis edikatè yo. An total, BPS te investi \$2.8 milyon pou materyèl ansèyman ak devlopman pwofesyonèl. BPS ap investi tou \$3.4 milyon pou amelyore bibliyotèk lekòl yo pou mete ajou koleksyon ak kalite siperyè nouvo tèks yo. Avèk adopsyon pwogram MassCore ane pase a, lekòl BPS yo ap travay kounye a pou yon pwogram ak ansèyman estanda, ki adapte ak nivo eskolè e kiltirèl.

Anplis de sa, distri a pral fè envèstisman enpòtan nan aprantisaj pwolonje atravè akselerasyon akademik ak pwogram ete aprentan ki gen ladan opòtinite akademik ak lwazi.

Madam Mercer te mande poukisa egzamen elèv 10yèm ane yo pa t pi kout. Madam Hogan te di se akòz egzijan eta a pou diplòm. Madam Mercer te mande enfòmasyon konsènan rediksyon nòt matematik yo. Madam Hogan te eksplike sekans sijè matematik yo pa toujou bati youn sou lòt ane apre ane menm jan ak ELA, kidonk elèv yo te gen plis chans pou yo rate sèten kontni aprantisaj akòz pandemi an. Mesye Echelson te dakò ak analiz Madam Hogan, e li te ajoute matematik MCAS evalye yon seri kritè ki pi laj ki ta kapab kontribye nan yon diminyasyon ak pi gwo rediksyon nan rezilta matematik konpare ak ELA. Madam Mercer te mande si elèv ki te echwe nan egzamen 10yèm ane ap gen opòtinite pou yo refè li. Madam Hogan konfime y ap kapab.

Doktè Coleman te pale sou enpòtans pou gen yon definisyon solid nan konpetans ak avanse yo nan lòd pou idantifye lakin ki genyen epi reponn kòm sadwa. Madam Hogan te diskite sou chanjman ki soti nan eritaj MCAS ki te itilize estanda "konpetan ak avanse" pou ale nan egzamen MCAS kounye a ki sèvi ak "atenn oswa depase atant." Li te pale sou konpleksite yo nan mezi diferans. Doktè Coleman te pale osijè richès familyal ki se yon kontribitè enpòtan nan pèfòmans MCAS. Siveyan an te di li vin pi difisil pou elèv yo pase egzamen an chak fwa gen yon nouvo vèsyon ak pi gwo nò.

Madam Lopera te mande ki plan distri a genyen pou l devlope pwogram anvan ak apre lekòl. Siveyan an te reponn BPS pral sèvi ak finansman ESSER pou sipòte agrandisman sa a epi li prevwa ogmante pwogram lan ane pwochen. Madam Lopera te eksprime enkyetid li konsènan elèv ki nan 10yèm ane MCAS, li di eta a egzije elèv yo yon estanda lè yo ta fè fas ak sikonstans ki pa depann de volonte yo.

Mesye DeAraujo te poze kesyon sou entèkansyon pou Elèv k ap Aprann Anglè (ELL). Mesye Echelson detaye envestisman alontèm e koutèm distri a pou l sipòte elèv k ap aprann plizyè lang, tankou akselerasyon akademik, zouti aprantisaj vityèl, ak plis aksè ansèyman an lang matènèl. Mesye DeAraujo te mete aksan sou enpòtans pou ede fanmi ELL yo konprann enpòtans pou yo patisipe nan opòtinite aprantisaj ete yo.

Mesye Tran eksprime fristrasyon li akòz rezilta MCAS yo.

Madam Polanco Garcia te mande pou jwenn solisyon kreyatif. Li te sijere pou ofri bous pou pwofesè ki bay leson patikilye adisyonèl.

Mesye O'Neill te dekri rezilta yo kòm yon bagay ki te bay anpil tèt chaje, men li pa t etone, li te remake elèv yo te fè fas ak gwo pwoblèm pandan pandemi an. Li te ankouraje distri a pou abòde pèt aprantisaj la yon fason ki ijan lè l sèvi avèk fon ESSER yo epi pou fòm patenarya ki kreyatif.

Doktè Coleman te mande kijan BPS jere devlopman pwofesyonèl, evalyasyon, ak fòmasyon pou pwofesè ki aplike zouti aprantisaj emosyon sosyal (SEL) pou elèv yo. Mesye Echelson te di ekip li a te devlope yon kantite zouti SEL pou sipòte edikatè yo epi yo pral itilize fon ESSER yo pou sipòte pwogram SEL la. Li te mete aksan sou pratik inovatè ki parèt nan Lekòl Hub yo. Li te di li t ap mande responsab lekòl la, Corey Harris pou l fè yon swivi konsènan evalyasyon pwofesè yo.

Doktè Coleman te poze kesyon sou pwosesis pou kontwole pwogrè. Mesye Echelson te pale de siveyan lekòl yo k ap sèvi antanke levye chanjman. Li te pale tou sou itilizasyon evalyasyon, fòmasyon ak dokiman done yo atravè sistèm Panorama.

Madam Robinson te mande èske yo pral separe done yo nan nivo lekòl la ak klas la. Mesye Echelson konfime li te deja pa te dakò sou sa epi anplwaye yo ap egzamine modèl ak tandans yo atravè nòm espesifik yo. Anplwaye biwo santral la ap travay ak lidè lekòl yo pou detèmine pwochen etap yo. Li te mete aksan sou distri a k ap itilize done yo pou asire responsabilite ak sipò yo.

Siveyan an te fè konnen konsènan rapò li nan dat 27 oktòb li a, li pral prezante rezilta preliminè evalyasyon sou fòmasyon ak repons distri a.

Mesye Echelson te klarifye Paper se yon konpayi ki fè patenarya ak BPS epi li bay aksè 24/7 sou leson patikilye. Yo te fè Madam Lopera konnen Paper se yon pwosesis kote elèv yo patisipe volontèman e distri a pral swiv itilizasyon l.

Mizajou sou Enplemantasyon Regleman Admisyon ak Egzamen Lekòl yo - Chèf Avansman Fanmi ak Kominote Monica Roberts ak Siveyan Adjwen Akademik la Drew Echelson, te prezante yon mizajou sou aplikasyon politik admisyon lekòl egzamen yo te apwouve atravè Komite a an Jiyè 2021.

Elèv yo bezwen yon minimòm GPA B pou yo konsidere yo antanke yon pati nan rezèvwa aplikan an. Pa gen okenn evalyasyon ki obligatwa pou admisyon Ane Lekòl (SY) 2022-23 akòz pandemi COVID-19 la toujou an kou. Apati ane lekòl 2023-24 la, elèv ki elijib yo pral resevwa yon nòt konpozisyon ki baze sou evalyasyon (30%) ak GPA (70%). Elèv yo ka resevwa swa 10 pwèn anplis si yo ale lekòl kote 40% oswa plis elèv ki enskri yo soti nan fanmi ki gen pwoblèm ekonomik, oswa 15 pwèn anplis si yo nan gad Depatman Timoun ak Fanmi (DCF), ki nan Boston. Lojman nan kay otorite yo bay (BHA), oswa sanzabri. Yo distribye san pousan envitasyon yo grasa yon klasman dirèk nan 8 nivo sosyoekonomik. Chak nivo resevwa apeprè menm kantite envitasyon.

Sipozisyon Similasyon Jeneral

Done yo mete pou similasyon an:

- Sipoze ~ 1,000 envitasyon pou distribye
- Aplikan klas 7yèm ane pou ane lekòl 20-21
- Entegre nòt ISEE nan plas Kwasans MAP
- Kalkile GPA yo ankò grasa nòt otòn sèlman -- GPA pa awondi
- Entegre elèv ki gen yon GPA B oswa ki pi bon nan ELA ak Matematik ki te gen yon nòt ISEE tou

Konsiderasyon pou kenbe nan tèt nou:

- Resanblans yo ka sèlman bay yon sans de sa ki ka rive epi yo pa ta dwe entèprete yo kòm rezilta definitif.
- Regleman ki apwouve a gen ladan nòt syans ak syans sosyal, ki pa entegre ladan.
- Kontra evalyasyon distri ki an vigè a pase de NWEA pou rive a MAP Growth. Similasyon an itilize nòt ISEE a paske rezilta MAP Growth la pa disponib.
- Yo pa ka distribye aplikan pou pwochen sik admisyon yo atravè vil la menm jan ak aplikan sik admisyon ane lekòl 20-21.
- Aplikan pou pwochen sik admisyon an pa ka klase twa lekòl yo menm jan aplikan yo te fè nan sik admisyon pou ane lekòl 20-21 la.
- Nòt yo pral itilize pou admisyon nan sik sa a (Klas ane lekòl 21-22) poko anrejistre.

Elèv ki ale nan yon lekòl ki gen mwens pase 40% povrete reprezante 17% nan enskripsyon 6yèm ane nan vil la ak 20% nan envitasyon similasyon yo. Elèv ki ale nan yon lekòl ki gen 40% oswa plis povrete reprezante 83% nan enskripsyon 6yèm ane ak 80% nan envitasyon yo. Elèv ki ale nan yon lekòl ki gen mwens pase 40% povrete reprezante 204 (20%) nan envitasyon a resanblans egzamen lekòl la. Elèv ki ale nan yon lekòl ki gen 40% oswa plis povrete reprezante 796 (80%) nan envitasyon a resanblans egzamen lekòl la. Done resanblans yo montre divèsite rasyal, sosyo ekonomik, ak jeyografik ki pi anfòm ak enskripsyon elèv yo.

Prezantatè yo te revize delè pou aplikasyon an, sa gen ladann piblikasyon yon rapò anyèl k ap kòmanse nan mwa jen 2022 ki gen rezilta elèv yo ki diferan youn ak lòt ak evalyasyon pwogram yo. BPS ap fè patenarya ak Ekip Analiz Vil Boston pou kreye yon kat jeyografik nivo entèaktif ki pral pèmèt fanmi yo tape adrès yo ak kat jeyografik la pral idantifye nan ki nivo y ap viv la. Yo prevwa kat la pral lanse sou sit entènèt BPS la anvan 1ye novanm. Tout edikatè ap gen pou konplete yon modil ki kout (~45 minit) sou nòt ekitab ak chanjman nan admisyon nan lekòl egzamen an ki gen rapò ak nòt yo.

Pwogram Summer Strategies 4 Success (S4S) yo te bay yon pwogram akselerasyon ete pou elèv yo fè nan egzamen lekòl yo, pandan y ap prepare akademikman pou kontni egzamen lekòl la, yo ka bezwen plis tan pou yo abitye ak nivo etid egzamen lekòl la. S4S sèvi elèv k ap antre nan klas 7yèm ak 9yèm ane nan chak egzamen lekòl yo.

De eleman pwogramasyon:

- Jyen 2021: 4 semèn pwogram vityèl
 - Konsantre sou ekriti, ELA ak matematik
 - Pri: \$415,600
 - 615 Elèv te patisipe

- Out 2021: 2 - 3 semèn pwogramasyon nan chak egzamen lekòl la

Pou ede elèv yo devlope yon santiman kote yo santi yo se manm e yo fè pati kominote lekòl yo epi prezante yo atant akademik, sosyal ak sivik.

- Pri: apeprè \$300,000
- BLA: 177 Elèv te patisipe
- BLS: 286 Elèv te patisipe
- O'Bryant: 129 Elèv te patisipe

Sipò pou Egzamen Lekòl yo

Yo lanse l nan ane lekòl 2021-22, yo pral elaji l nan ane lekòl 2022-23

- Pwogram konsiltatif pou tout elèv k ap vini yo
- Ogmante Kantite Konseye Pedagojik ak Travayè Sosyal
- Sipò pou Edikasyon Espesyal nan klas la
- Ogmante Kantite Pwofesè Edikasyon Espesyal ak Parapwofesyonèl
- Li gen Pwogram Leson patikilye Apre Lekòl
- Ekip Fòmasyon Thompson Island
- Aktivite deyò lekòl la

Madam Mercer te poze kesyon sou fason nouvo règleman an pral afekte elèv METCO ak lekòl charter yo. Siveyan an te di tout elèv ki abite nan Boston kapab aplike pou admisyon nan egzamen lekòl. Si lekòl yo a pi ba pase 40% nivo povrete, yo pap ka resevwa pwen adisyonèl yo; si lekòl yo pi wo pase nivo povrete 40%, y ap kapab resevwa pwen adisyonèl.

Mesye DeAraujo te fè konnen yo te twò prese ak pwosesis pou fè règleman an e sa te gen kèt pwoblèm. Li te pale sou enpòtans ki genyen pou Komite a resevwa prezantasyon byen avan reyinyon yo e li te di li atann diskite sou pwosesis la nan retrè Komite a nan 12 Oktòb. Li te di prezantasyon an pa reponn a tout kesyon li yo. Li te mande poukisa yo bay pwen adisyonèl nan yon ane sepandan yo pa ofri egzamen pou antre a. Li te mande yon dekonpozisyon similasyon a chak lekòl epi li te eksprime enkyetid konsènan konsekans sa ka bay pou elèv ki ale nan lekòl BPS ki pa resevwa pwen adisyonèl. Siveyan an te pale sou defi ak kompleksite travay ak resanblans done yo.

Doktè Coleman te mande èske gen prèv pou kèk lekòl eskli envitasyon yo. Siveyan an te fè konnen nòt ak rezilta egzamen yo pral detèmine si yon elèv ap resevwa yon plas pou egzamen an oswa non. Doktè Coleman te di byenke li sipòte politik ki pi laj la, li enkyete l pou reklamasyon elèv ki ale nan sèten lekòl BPS ka pa gen aksè nan egzamen lekòl la. Li te mande distri a pou l reponn a reklamasyon sa a byen klè. Madam Hogan te di resanblans yo montre pousantaj elèv k ap resevwa envitasyon apeprè pwopòsyonèl ak pousantaj elèv ki enskri nan tout vil la nan klas 6yèm ane. Mesye DeAraujo te ekspriye enkyetid li poutèt distri a pa t byen analize done yo e li sijere pou komite a konsidere anile pwèn adisyonèl yo pou admisyon pwogram Ane Lekòl (SY) 2022-23 lè yo pa administre okenn tès. Li te mande pou fè yon dekonpozisyon pou elèv k ap resevwa 15 pwèn adisyonèl yo, ki gen ladan elèv ki sanzabri ak elèv ki nan swen Depatman Timoun ak Fanmi (DCF). Li te mande similasyon tou avèk 10 pwèn oswa san 10 pwèn pou ane k ap vini lè yo pa administre okenn egzamen, menmjan ak enpak administrasyon yon tès pou si pa ta gen egzamen. Siveyan an te di li menm ak ekip li a pral kontinye bay done yo ak transparans epi yo pral kontinye egzamine regleman yo.

Mesye O'Neill te ekspriye enkyetid konsènan konsekans politik la ka genyen sou enskripsyon an. Li te di li te santi l pi alèz ak regleman an apre l fin wè resanblans ki demontre regleman an bay yon nivo egalite elèv yo.

Madam Robinson te repete kòmantè Mesye O'Neill la epi l te poze kesyon sou itilizasyon nivo yo. Madam Hogan te eksplike gwo nivo yo te gen pou wè ak kantite timoun nan klas 5yèm - 8yèm ane yon fason pou fè gwo nivo yo dwe genyen an. Li te fè konnen tou li pa prevwa yon senaryo kote gen yon mank de kandida ki kalifye. Madam Robinson te di similasyon yo ba li konfò pou l avanse epi aplike règleman an.

Objektif Pèfòmans Siveyan, Ane Lekòl 2021-2022 - Doktè Coleman te prezante yon pwopozisyon sou objektif pèfòmans Siveyan an pou ane lekòl 2021-22. Bay Siveyan an yon evalyasyon pèfòmans anyèl pami responsablite prensipal Komite Lekòl la.

Doktè Coleman te pwopoze objektif nan domèn sa yo:

Objektif aprantisaj elèv yo:

1. ELÈV ANGLÈ: Byen amelyore rezilta pou elèv k ap aprann anglè, lè yo ogmante kapasite distri a pou satisfè bezwen elèv k ap aprann anglè yo.

Mezi 1.1 Fè Pwogrè: Ogmante pwogrè pou metrize lang anglè, jan yo mezire sa atravè pousantaj elèv ki fè pwogrè nan ACCESS jiska egzamen ELLs yo.

Mezi 1.2 EL SWD: Ogmante pwogrè elèv EL yo pou metrize lang anglè, dapre pousantaj elèv ki fè pwogrè nan ACCESS jiska egzamen ELL yo.

Objektif #1 Estrateji: Distri a pral ogmante kantite plas nan pwogram bileng lan, ogmante divèsite langaj manm estaf BPS yo, epi kontinye bay sèvis entèpretasyon nan lang ofisyèl BPS nan reyinyon Komite Lekòl yo ak reyinyon kominotè yo pou ogmante kapasite distri a pou satisfè bezwen elèv k ap aprann anglè yo.

2. **ELÈV KI GEN ANDIKAP:** Devlope epi aplike yon plan pou amelyore rezilta elèv ki gen andikap lè yo ogmante kapasite distri a pou satisfè bezwen Elèv Edikasyon Espesyal yo.

Mezi 2.1 Diferans: Diminye diferans nan pousantaj elèv ki gen koulè yo ki plase nan pwogram ki separe anpil yo.

Mezi 2.2 Kwasans Elèv: Ogmante kwasans elèv nan ELA ak matematik, jan yo mezire sa atravè pousantaj mwayèn, kwasans elèv MCAS yo pou elèv ki nan klas 3yèm-8yèm ane ki andikape yo.

Objektif #2 Estrateji: Distri a pral ogmante plas enklizyon ak pratik enklizyon nan distri a. Nou pral fè sa atravè pwojè Enklizyon ak Konsepsyon Aprantisaj Inivèsèl fon ESSER nou an finanse ak entansyon pou ogmante pratik enklizyon ak pou jwenn aksè nan pwogram edikasyon jeneral nan Anviwònman ki pi piti a, sa pral diminye diferans lan. Nou pral travay ak 15-20 lekòl pou ogmante plas enklizyon ak pratik enklizyon. Anplis de sa, nou pral egzamine pousantaj referans pou diferans lan yon fason pou nou pa chanje inegalite ki egziste deja atravè travay enklizyon nou an.

3. **RETOUNEN, IMAJINE, REKIPERE:** Veye sou sante elèv, byennèt emosyonèl, sosyal, ak pwogrè akademik nan moman pandemi COVID-19 la, toutpandan n ap bay sipò ki diferan pou rete konsantre nan kiltive pwogrè akademik elèv yo.

Mezi 3.1 Alfabetizasyon Ekitab: Ogmante pousantaj elèv K2-2 ki satisfè oswa depase nivo atant klas yo nan metriz fonolojik oswa mezi konpreyansyon literal nan evalyasyon metriz lekti NWEA MAP pou fen ane a.

Mezi 3.2 Absans kwonik: Diminye pwopòsyon elèv ki absan yon fason ki kwonik.

Objektif #3 Estrateji: Distri a pral amelyore bibliyotèk lekòl yo pou mete koleksyon yo ajou ak bon jan kalite tèks, adopte pwogram ak kilti ki apwopriye pou nivo klas yo, epi bay edikatè yo devlopman pwofesyonèl ki konsantre sou pratik alfabetizasyon ekkitab. BPS pral pwolonje opòtinite aprantisaj atravè dispozisyon pwogresyon akademik ak pwogram ete aplentan ki gen aktivite akademik yo. Distri a pral itilize Evalyasyon Kwasans MAP nan lekti ak matematik pou kontwole pwogrè aprantisaj elèv yo epi bay elèv yo plis sipò akademik. Ekip edikatè yo pral devlope epi kontwole plan entèvansyon nan Panorama Siksè Elèv yo pou idantifye ki bezwen entèvansyon endividyèl oswa an gwoup ki vize. Tablo wonn ekite ki fèt nan tout nivo òganizasyon an pral asire yo pran desizyon enklizif, transparan epi pran desizyon ki bien reflechi pou gide efò nou yo pou byen imajine ak rekipere sa ki posib.

Objektif Pratik Pwofesyonèl:

4. BIWO DISTRI A: Kiltive konfyans ak fanmi yo e anplwaye yo atravè bon operasyon ak sèvis kliyan ki efikas nan Biwo Distri BPS la pou amelyore sinifikativman kapasite pou korije inegalite ki genyen nan opòtinite ak rezilta yo.

Mezi 4.1 Pèsepsyon Responsab Lekòl la: Amelyore pèsepsyon responsab lekòl la nan sèvis biwo santral la, efikasite, ak responsablite pou rezilta yo jan yo mezire sa nan nòt mwayèn sou atik ki soti nan sondaj Gallup la.

Mezi 4.2 Pèsepsyon Biwo Distri a: Amelyore kilti òganizasyonèl nan tout biwo santral la jan yo mezire sa atravè nòt angajman Q12 Gallup la.

Objektif #4 Estrateji: Responsab biwo distri yo pral dekri yon bèso pou devlopman pwofesyonèl pou tout anplwaye biwo distri a, sa gen ladan kreye yon pwosesis entansyonèl ak devlopman pwofesyonèl sipèvizè pou ranfòse ak enstitisyonèl pratik jesyon efikas. Distri a pral etabli e rafine sistèm pou evalye risk òganizasyon ki asosye ak divès pwosesis biznis epi kowòdone estratejikman inisyativ alèyman ki riske atravè antrepriz la pou asire konfòmite asirans nan tout distri a. Biwo distri a pral adopte jesyon pwojè estanda ak pratik jesyon pèfòmans nan ak atravè gwoup fonksyonèl yo. Ekip biwo distri yo pral toujou itilize Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal la pou enfòme devlopman politik epi pran desizyon nan nivo distri a.

Madam Lopera te sijere yo ajoute mezi nan estrateji yo pou pi byen swiv pwogrè. Doktè Coleman te di komite a ta dwe diskite sou pwoblèm nan epi detèmine ki fason yo ka pi byen mezire pwogrè yo. Siveyan an te pale sou mekontantman li sou kwasans tradisyonèl ak defi pou jwenn ekilib ant objektif anbisye ak objektif reyalis.

Mesye O'Neill te aplodi estrikti objektif yo ak konpatibilite priyorite komite a. Li te sijere pou ajoute yon mezi pou satisfaksyon kliyan yo, site valè opinyon fanmi yo. Siveyan an te pale sou objektif Plan Estratejik la kiltive konfyans ak ranfòse vwa l. Mesye O'Neill te di sa enpòtan pou komite a rann Siveyan an responsab nan domèn sa a. Siveyan an te dakò pou ajoute mezi a.

KÒMANTÈ PIBLIK SOU RAPÒ

- Kathleen Chardavoigne, rezidan Charlestown, paran Eliot lekòl K-8, te pale konsènan resanblans regleman admisyon egzamen lekòl yo.
- Sarah Grandfield, rezidan West Roxbury, paran nan BPS, te pale osijè resanblans regleman admisyon lekòl yo.

NOUVO BIZNIS

Doktè Coleman te sijere pou komite a egzamine fason pou l pi byen jere akseptasyon sibvansyon yo. Madam Robinson te reponn, komite a pral pale sou pwoblèm nan plis nan planifikasyon retrè ki pwograme nan dat 12 oktòb 2021 an.

REMÈT

Apeprè 10:55 p.m. komite a te vote an blòk, sou baz apèl nominal, pou ranvwaye reyinyon an.

Ateste:



Elizabeth Sullivan
Sekretè Egzekitif